

5 Bagay Ou Dwe Konnen Kònsènan Diskriminasyon ki gen Rapò ak andikap nan Lojman

- 1 Gen yon andikap pa ka anpeche w posede oswa lwe yon pwopriyete.** Lwa New Jersey Kont Diskriminasyon (LAD) anpeche founisè lojman yo diskrimine epi asele lokatè aktyèl epi potansyèl yo ki baze sou yon andikap lè yo ap eseye vann, lwe, oswa achte yon pwopriyete. Founisè lojman yo enkli pwopriyetè, konsèy koppwopriyete yo, ak asosyasyon pwopriyetè yo.
- 2 Yo pa ka refize w yon lojman akòz andikap ou.** Li ilegal pou founisè lojman yo anpeche w lwe oswa achte yon pwopriyete akòz andikap ou. Pa egzanp, yon pwopriyetè pa ka refize aplikasyon w lan paske w itilize sèvis yon chyen asistans.
- 3 Ou pa ka oblige reponn ak kondisyon ki diferan oswa siplemantè pou jwenn lojman akòz andikap ou.** Pa egzanp, founisè lojman yo pa kapab faktire w yon lwaye anplis, fè w peye yon frè pou yon akomodasyon rezonab, mande asirans siplemantè, oswa diminye kontra lwaye w akòz andikap ou. Pwopriyetè yo pa kapab mande enfòmasyon sou andikap ou kòm yon kondisyon pou kontra lwaye w la.
- 4 Yo pa kapab mete w deyò akòz andikap ou.** Yon pwopriyetè pa ka itilize andikap ou oswa andikap yon manm fanmi an kòm yon rezon pou mete w deyò. Pa egzanp, yon pwopriyetè pa ka mete w deyò akòz andikap ptit ou a oswa refize renouvre kontra lwaye w paske w bezwen yon chyen asistans.
- 5 Founisè lojman yo dwe fè akomodasyon ki rezonab pou andikap ou a sòf si sa ta ka yon gwo chay pou founisè lojman an.** Amenajman yo enkli chanje dat lwaye a chak mwa pou amenaje lè yo resevwa chèk andikap oswa pèmèt chanjman nan yon apatman ki nesesè pou akomode andikap ou a. Si founisè lojman an refize, yo dwe etabli yon amenajman ki reprezante yon chaj eksesif.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, ale sou [NJCivilRights.gov](#) oswa rele 1.833.NJDCR4U. Depatman Dwa Sivil yo (DCR) aplike LAD, ki pwoteje tout moun kont diskriminasyon nan NJ kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon an. Pou aprann plis, klike [isit](#).

LAD la pwoteje w kont vanjans. Pèsonn pa ka vanje kont ou paske ou rapòte posib vyolasyon LAD; depoze yon plent pou diskriminasyon, anndan DCR, oswa nan tribinal; oswa egzèse nenpòt lòt dwa anba LAD la.

Disponib nan lòt lang nan [Seksyon resous yo](#) nan sitwèb DCR.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, ale nan [NJCivilRights.gov](#) oswa relel **1.833.NJDCR4U**



Biwo Pwokirè Jeneral NJ
[NJCivilRights.gov](#)

 **NJ CIVIL RIGHTS**
@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate

